

DEKRÈ EGZEKITIF

**NONMEN YON PWOKIRÈ ESPESYAL POU MENNEN ANKÈT EPI, SI SA JISTIFYE, POU SWIV ZAFÈ KI GEN RAPÒ AK LANMÒ ANNA WILSON AK BLESY BRIANNA DILLON NAN YON ENSIDAN VEYIKIL A MOTÈ KI TE RIVE NAN DAT 11 ME 2024 NAN KONTE SUFFOLK**

**KONSIDERE KE**, Seksyon 70-b Lwa Egzekitif la bay Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk la otorite prensipal pou pou swiv polisye ki komèt krim ki soti nan nenpòt ensidan kote yon polisye te lakoz lanmò yon moun, epi, anplis, bay Pwokirè Jeneral la otorite pou pou swiv nenpòt moun pou nenpòt konduit kriminèl akòz ensidan sa a; epi

**KONSIDERE KE**, Pwokirè Jeneral la fè m konnen ke piblikasyon Dekrè Egzekitif sa a ap favorize objektif Seksyon 70-b Lwa Egzekitif la;

**KOUNYE A, KIDONK, MWEN, KATHY HOCHUL**, Gouvènè Eta Nouyòk, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta Nouyòk yo ban mwen, epi an patikilye ke 2yèm sòdivizyon seksyon 63 Lwa Egzekitif la ban mwen, nan dokiman sa a mande Pwokirè Jeneral la (ki refere isit la kòm Pwokirè Espesyal la) pou mennen ankèt, epi si li jistifye, prezante prèv devan yon gran jiri epi pou swiv enfraksyon Kayla Lopez, yon sivil, te komèt an koneksyon ak lanmò Anna Wilson ak blesi Brianna Dillon, ki te rive nan yon ensidan veyikil nan dat 11 me 2024 nan Konte Suffolk;

**ANPLIS**, pou tout zafè ki kouvri nan dokiman sa a, Pwokirè Espesyal la ta dwe gen pouvwa ak devwa ki presize nan sòdivizyon 2 nan seksyon 63 Lwa Egzekitif la epi li ta dwe posede epi egzèse tout pouvwa pou swit ki nesese pou ankete, epi si sa jistifye, pou swiv lajistis enfraksyon ki soti nan ensidan an. Jiridiksyon Pwokirè Espesyal la pral ranplase ak gen priyorite sou jiridiksyon Pwokirè Distri a pou Konte kote ensidan an te rive a, epi Pwokirè Distri sa a ta dwe gen sèlman pouvwa ak devwa ke Pwokirè Espesyal la te atribiye bay Pwokirè Distri a, jan sa presize nan sòdivizyon 2 nan seksyon 63 Lwa Egzekitif la; epi

**ANPLIS**, pou tout zafè ki kouvri nan dokiman sa a, Pwokirè Espesyal la dwe mennen yon ankèt endepandan, rezone, konplè ki gen ladan men pa sèlman, rasanble ak analize prèv, fè entèvyou ak temwen ak revize rapò ankèt, rapò syantifik, anrejistreman odyo ak videyo yo; epi

**ANPLIS**, pou nenpòt zafè ki kouvri nan dokiman sa a, Pwokirè Espesyal la pral konparèt an pèsòn devan yon gran jiri ki etabli pou tout sesyon nan Tribinal Siprèm lan nan Konte jiridiksyon ki apwopriye a nan bi pou mennen tout pwosedi, egzaminasyon, ak ankèt ki konfòm ak Dekrè sa a epi patisipe an pèsòn nan tout sesyon Konte a oswa Tribinal Siprèm nan ki gen pou fèt ak pou Konte jiridiksyon ki apwopriye a pou pou swiv nenpòt enfraksyon ki konfòm ak Odonans sa a ak pou mennen tout aksyon ak pwosedi ki gen rapò; epi

**ANPLIS**, pou nenpòt zafè ki kouvri nan dokiman sa a, Pwokirè Espesyal la dwe pibliye yon rapò si li refize prezante prèv devan yon gran jiri konsènan ensidan ki mansyone nan dokiman an, oswa si gran jiri a refize bay yon akizasyon ki gen rapò ak ensidan sa a; rapò sa a dwe gen ladan, nan limit lalwa pèmèt, yon rezime prèv yo ak yon eksplikasyon sou rezilta a.

Dekrè Egzekitif sa pral kontinye jiskaske Gouvènè a modifiye l, sispann oswa tèmine l.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan 8<sup>yèm</sup> jou mwa out nan ane de mil vennsenk.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a